



LKPD Digital

Lembar Kerja Peserta Didik

Unggah-Ungguh Bahasa Jawa Kelas IV

Nama :

Kelas :

No. Absen :

Tujuan Pembeajaran

1. Siswa dapat mengungkapkan nilai-nilai luhur dalam geguritan secara tertulis dalam ragam krama dengan percaya diri.
2. Siswa dapat nemukan pokok-pokok isi geguritan dengan tepat.
3. Siswa dapat menyampaikan isi geguritan secara tertulis dalam ragam krama dengan tepat.

Kopetensi Dasar

- 3.1 Memahami teks geguritan bertema "Budi Pekerti"
- 4.1 Membaca indah teks geguritan dengan laval dan intonasi yang tepat

Indikator

- 3.1.4 Menemukan makna isi geguritan
- 3.1.5 Menyampaikan isi geguritan secara tertulis



Materi Ajar

A. Tegese Geguritan

Geguritan yaiku salah sijining karya sastra jawa ingkang kawujud saking rasa ing ati kang diungkapaken kaliyan penyair ngagem bahasa ingkang gadah irama , rima , mitra , bait lan penyusunan lirik kang gadah arti utawa makna wonten ing lirik geguritan. Geguritan uga kawujud saking ungkapan perasaan lan pikiran penyair . Geguritan ing bahasa Indonesia uga kasebut puisi.

B. Titikan Geguritan

Titikan wonten ing geguritan yaiku :

- nduweni patokan utawa aturan geguritan kayata duweni guru lagu , guru wilangan , lan guru gatra.
- nduweni makna utawa arti ana ing lirik lirik e.
- nduweni bahasa ingkang endah lan mentes.
- Ing teks geguritan ana jeneng pengarang / pangriptane posisi ne ning ngarep tembang geguritan.

C. Unsur - unsur Intrinsik

Geguritan uga nduweni unsur-unsur intrinsik kaya puisi lan karya sastra liyane , unsur unsur intrinsik ana ing geguritan inggih punika :

Tema

Bahasa kang endah

Judul Geguritan

Diksi

Citra

Purwakanthi

Amanat kang ono ing jero ne geguritan



D. Jinising Geguritan

Geguritan miturut kegunaane ana 3 macem , jinising inggih punika :

- Jenis Geguritan Ingkang gambarake kondisi utawa peristiwa (deskriptif).
- Jenis Geguritan Ingkang nyeritakake kondisi utawa pengalaman (naratif).
- Jenis Geguritan Ingkang pasemon utawa duweni isi kritikan utawa sindiran.

E. Paugerane geguritan

- Ora kaiket wewaton guru gatra, guru wilangan, lan guru lagu.
- Luwih ngutamakake babagan isine kang mentes, apik, endah, lan uga becik.
- Kanggo nambah kaendahan basa nggunakake purwakanthi sawetra bae.
- Isi pitutur, piweling, kritik, protes, sindiran, pangresah, pamundhut, lan sapanunggalane.

F. Syarat syarat maca Geguritan

Wong maca geguritan uga duweni syarat syarat , lan ora sembarangan ingkang maca geguritan . Syarat syarate yaiku :

Wirama --> Cendhek dhuwure nada utawa keras lemahe swara.

Wirasa --> Perasaan utawa penghayatan ketika maca geguritan

Wiraga --> Polah utawa gerake ketika maca geguritan

Wicara --> lancar orak e maca geguritan



**Kanggo luwih gampang mangerteni
materi, delengen video ing ngisor iki !**



Teks Geguritan

"Budi Pekerti"



Wacanen geguritan kanggo mangsuli pitakon nomer 1, 2, lan 3

Ngger,
Aja kokkethok wit-wit jati ing alas kana
Aja koksidhemsvaraning kodhok ngoreking sawah kana
Aja kokpithet
ceweting prenjak ing akasa kana.
Ngger,
Iki warisanku sing mambrah-mambrah Tulung kokjaga
Aja mbok pasrahke marangpara tangga Iki daksimpen kanggo sira
Ngger,,
Simbok durungpengen mati
Isih pengenmakani kowe saka lemah amba iki
Isih pengen ngemuli kowe kanthi rungkude wit-wit jati
Ngger,,
Tulung tadhahanaludira sing saya kemecer Gondhelana tangane
simbok sing ora kuwawa kumlawe
Kena tangan-tangan nggathil sing tan duwe kamanungsan



1. Irah-irahan kang trep kanggo geguritaning ndhuwur yaiku
 - a. Piweling kanggo Simbok
 - b. Piweling saka Simbok
 - c. Piweling Warisan
 - d. Warisan Simbok
2. Wenehana tandha centang (✓) ana ngarepe 3 pitakon kang trep karo geguritan ing ndhuwur!
 - ☐ Apa piweling simbok ing geguritan kasebut?
 - ☐ Sapa kang diwenehi piweling marang simbok ing geguritan kasebut?
 - ☐ Geneya simbok pengen cepet mati?
 - ☐ Ana ngendi swaraning kodhok ngorek ing geguritan kasebut?
 - ☐ Kapan simbok masrahke warisan marang tangga?

3. Adhedhasar geguritan ing ndhuwur, pasangna tembung lan tegese ing ngisor iki kanthi narik garis lurus!

- | | | |
|--------------------|---|---------------------------------|
| 1. Akasa | ● | ● a. Sirep |
| 2. Mambrah-mambrah | ● | ● b. Getih |
| 3. Ludira | ● | ● c. langit |
| 4. Sidhem | ● | ● d. Patingilemprah mrana-mrene |

4. Adhedhasar geguritan ing ndhuwur, temtokna bener utawa salah ukara ing ngisor iki kanthi nglowongi salah siji pilihan bener/salah!

Pernyataan	Benar atau Salah	
1. Anak (para manungsa) kang diwenahi piweling marangsimbok.		
2. Simbok weling ajapada ngrusak bumi		
3. Warisan ing geguritan kasebut tegesebanda kang disimpensimbok.		

5. Pitutur luhur kang ana jroning geguritan iku mujudake gambaran utawa simpulan isi geguritan. Adhedhasar geguritan ing ndhuwur, tulisenpitutur luhure!

Jawab:
